

20 me

Senyè a pale ak Jòb, li di l konsa :... Ou ka bay gwo kabrèt la ak ti kabrèt la direksyon pou yo pran ? Ou konnen lwa k ap gouvènè tout bagay nan syèl la ?

Jòb 38. 1, 32, 33

Men sa Jòb reponn Senyè a :... Sa m te konn sou ou a, se sa lòt moun te di m ase. Kounye a, mwen wè ou ak je mwen. Se konsa, mwen wete tout sa mwen te di. Mwen kouche sou sann ak nan pousyè, m ap tann padon.

Jòb 42. 1, 5, 6

Yon souvni ki kouri ale

Tout fanmi an te konvèti, vin jwenn Jezi, men Mak, pi gran pitit gason an, t ap fè kourèd. Li te menm vyolan. Fanmi li t ap priye pou li, men ane t ap pase san pa t gen okenn chanjman...

Lè l te vin devni yon mizisyen, tout moun te konnen e t ap mande pou Mak. Pandan l ap antre, apre yon pwogram lannwit ki te dire, li leve je l gade nan antre forè a. Li te sezi wè bèl zetwal yo nan syèl la. Li te toujou renmen lanati... Devan grandè espektak sa, byen vit li te vin reyalize kòman li piti, kòman li pa anyen. Li t ap reflechi sou move trètman li fè manman l sibi, epi li te kòmanse kriye. Li te priye : “Senyè, ou se yon gwo Bondye, e mwen menm se yon pòv malere. Senyè, fòk sa chanje”. Lè sa a, pandan lannwit nan, tou sèl, Mak t ap jwe nan twonpèt li, yon kantik, manman l renmen anpil. Li t ap chante tou.

Nan yon bat je, li tande yon ti bri. Pa twò lwen, gen yon nonm k ap racle, li gen nan men l yon kòd an ne kouran. Li di konsa : “Mwen t apral touye tèt mwen, lè w te kòmanse chante yon chan, manman m te konn chante pou mwen lè m te piti. Mwen se yon nonm ki dezespere”. Lè sa a, Mak envite nonm nan pou suiv li. Yo ale ansanm lakay papa li. Li te twazè nan maten, men limyè te limen toujou nan chanm paran li yo. Mak frape nan pòt la. Jènjan yo antre nan chanm nan kote paran Mak yo t ap lapriye pou pitit gason yo a. Yo tou le kat te mete yo ajenou, e Mak ak konpanyi l la te remèt Sovè a lavi yo...

Paran kretyen, piga nou dekouraje. “Lè lapriye yon moun ki jis ap travay, sa kapab fè anpil bagay” (Jak 5. 16).

20 mai

L'Éternel répondit à Job :... Mènes-tu la grande Ourse avec ses filles ? Connais-tu les lois des cieux ?

Job 38. 1, 32, 33

Job répondit à l'Éternel :... Mon oreille avait entendu parler de toi, maintenant mon œil t'a vu : C'est pourquoi j'ai horreur de moi, et je me repens dans la poussière et dans la cendre. Job 42. 1, 5, 6

Souvenir enfoui

Toute la famille s'est convertie à Jésus, mais Marc, le fils aîné, résiste. Il est même violent. Sa famille prie pour lui, mais les années passent sans apporter aucun changement...

Devenu musicien, Marc est connu et très sollicité. Alors qu'il rentre, après une soirée tardive, à l'orée de la forêt il lève les yeux. Il est alors saisi par la beauté d'un ciel étoilé. Il a toujours aimé la nature... Devant la grandeur du spectacle, il réalise soudain sa petitesse, son néant. Il pense aux mauvais traitements qu'il fait subir à sa mère, et se met à pleurer. Il prie : "Seigneur, tu es un grand Dieu, et moi je suis un pauvre type. Il faut que ça change, Seigneur". Alors, dans la nuit solitaire, Marc joue à la trompette un air de cantique que sa mère affectionne. Il chante aussi.

Tout à coup, il entend un léger bruit. À quelques pas, un homme sanglote, tenant à la main un nœud coulant. Il explique : "J'allais mettre fin à mes jours, lorsque vous avez chanté un air que ma mère me chantait lorsque j'étais petit. Je suis un homme désespéré". Marc invite alors l'homme à le suivre. Ils se rendent ensemble à la maison paternelle. Il est trois heures du matin, mais la chambre des parents est encore éclairée. Marc frappe à la porte. Les jeunes gens pénètrent dans la chambre où les parents de Marc étaient en prière pour leur fils. Tous les quatre se mettent à genoux, et Marc et son compagnon se tournent vers le Sauveur...

Parents chrétiens, ne désespérons pas. "La fervente supplication du juste peut beaucoup" (Jacques 5. 16).